

## **BAB I**

### **BUBUKA**

Kahirupan hiji masarakat jeung bangsa dicirian ku ayana kabudayan. Ari kabudayan mangrupa sakumna paripolah manusa minangka hasil cipta, rasa, karsa, jeung karya. Éta unsur téh opatanana numuwuhkeun gerak jiwa dina diri manusa anu mangrupa sumanget (*geest*), karep (*will*), jeung paripolah (*daad*). Gedé leutikna unsur nu ngagerakkeun jiwa téh bakal jadi ukuran budaya hiji bangsa. Ku kituna, dina UUD 1945, Bab X, Penjelasan Pasal 32 ditétélakeun yen Pamaréntah ngamajukeun Kabudayan Nasional Indonésia.

Dina ngamajukeun kabudayan nasional kudu ditujulkeun kana kamajuan adat budaya jeung gunggungan bari henteu nolak bahan-bahan anyar tina kabudayaan deungeun (asing), anu bisa mekarkeun atawa ngabeungharan kabudayan bangsa sorangan sarta ngundakkeun darajat kamanusaan.

Kabudayan mangrupa wujudiah atawa manifestasi ajén-inajén jeung gagasan manusa kana lingkunganana. Kahirupan manusa dina hiji tempat jeung waktu nu tangtu bakal kaeunteungkeun tina budayana. Minangka hasil tarékah manusa dina nyaluyukeun diri (adaptasi) jeung lingkunganana, budaya téh dina dasarna diwangun tina dua prosés, nya éta (1) prosés patalina manusa jeung lingkunganana, jeung (2) hasil tina mekarkeun budayana sorangan. Prosés budaya anu kahiji diwangun dina waktu nu rélatif lila ku cara ngarespon kalawan aktip, ari proses budaya nu kadua diperedih mikir nu metaforis, nya eta kaampuh dina ngajentrekeun jeung ngaheureutan tapsiran tina ma'na lambang-lambang. Ku kituna, budaya sering disebut minangka pamahaman kana lambang-lambang anu bisa diwariskeun ti hiji entran ka entran sejenna.